

**Fòm Otorizasyon pou Pibliye Dosye**  
**(Haitian Creole)**

**Mwen mande:**  Lèt Dosye Abri  Kopi Dosye mwen an

**Non:** \_\_\_\_\_ **Dat Nesans:** \_\_\_\_\_ **SSN:** \_\_\_\_\_

**IDANTIFIKASYON CARES:** \_\_\_\_\_

Sou baz dokiman sa a, Mwen bay Department of Homeless Services otorizasyon pou pibliye dosye Ajans lan konsève nan non mwen oswa nan non reprezantan mwen an: \_\_\_\_\_

**Tanpri tcheke tout sa ki aplikab yo:**

- Mwen pa bay konsantman pou yo pibliye tout enfòmasyon medikal ak sikyatrik yo.
- Mwen pa bay konsantman pou yo pibliye enfòmasyon ki gen rapò ak VIH.
- Mwen pa bay konsantman pou yo pibliye enfòmasyon sou sibstans mwen pran twòp.
- Mwen pa bay konsantman pou yo pibliye enfòmasyon ki gen rapò ak kondisyon mwen antanke viktim vyolans nan kay.
  - Mwen konprann Mwen gen dwa sou tout enfòmasyon ki gen nan dosye mwen yo.
  - Mwen konprann Mwen kapab refize siyen fòm sa a.
  - Mwen konprann dosye mwen yo pwoteje sou baz lalwa.
  - Mwen konprann dosye mwen yo kapab gen enfòmasyon medikal, tankou enfòmasyon sikyatrik ak/oswa enfòmasyon sou abi alkòl/dwòg.
  - Mwen konprann dosye mwen yo kapab gen enfòmasyon ki gen rapò ak VIH, tankou nenpòt enfòmasyon ki montre Mwen te fè yon tès VIH, oswa Mwen gen enfeksyon VIH, maladi ki gen rapò ak VIH oswa SIDA, oswa enfòmasyon ki montre Mwen kapab te ekspozè avèk VIH.
  - Mwen konprann dosye mwen yo kapab gen enfòmasyon ki gen rapò ak kondisyon mwen antanke yon viktim vyolans nan kay.
  - Sof si gen bagay ki endike lekonnèt, Mwen rekonèt yo kapab bay moun ki site nan fòm sa a nenpòt enfòmasyon nan dosye mwen yo ki gen rapò ak VIH ansanm ak enfòmasyon ki gen rapò ak vyolans nan kay.
  - Mwen konnen Mwen kapab chanje ide konsènan otorizasyon sa a nenpòt moman anvan yo pibliye enfòmasyon an.
  - Mwen bay otorizasyon pou yo pibliye yo pou yon peryòd 180 jou.
  - Yon fotokopi otorizasyon sa a kapab sifi.
  - Siyati mwen montre Mwen te li tout sa ki anwo a.

**(Vire paj la)**

**Fòm Otorizasyon pou Pibliye Dosye (kontinye)**

**Nòt pou Moun ki Resevwa Enfòmasyon Konfidansyèl la:**

Enfòmasyon sa yo ou resevwa a soti nan yon seri dosye konfidansyèl ki pwoteje sou baz lalwa Eta a. Lwa Eta a entèdi ou pibliye nenpòt enfòmasyon sa yo ankò san moun enfòmasyon sa yo konsène a pa bay konsantman li alekri byen presi pou sa, oswa san yon otorizasyon ki legal. Nenpòt moun ki vyole lalwa Eta a lè li pibliye enfòmasyon sa yo ankò, kapab peye amann oswa pran prizon oswa toulede. Yon otorizasyon jeneral pou pibliye enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon pa sifi pou yon moun pibliye enfòmasyon sa yo ankò. Lwa sou Sante Piblik NY, Atik 27-F-§2782(5)(a).

**Siyati Kliyan an:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

***Siyati ou a dwe notarye oswa yon temwen dwe verifye idantite ou anvan pou yo kapab voye dosye yo pa lapòs oswa imèl. Yo pa kapab voye imèl la akòz kèk ti pwoblèm teknik ak limit sou gwosè fichye a.***

Voye dosye mwen yo pa  Lapòs oswa  Imèl pou mwen nan adrès ki anba a:

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_



**Voye fòm ki fin Ranpli a nan:**  
DSS Office of Legal Affairs - Records Access  
150 Greenwich Street (38th Fl.)  
New York, NY 10007



**Imèl:** RecordsAccess@dhs.nyc.gov



**Faks:** 917-639-0367

<b>Notary Information Here (Enfòmasyon Notè La a)</b>
<b>DHS/Provider Witness (DHS/Temwen Founisè)</b>
_____ Print name
_____ Signature
_____ Date